



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MODÈNIZASYON POU ETABLISMAN CORNELL
HIGH ENERGY SYNCHROTRON SOURCE KI NAN ITHACA**

***Amelyorasyon nan Etablisman CHESS Lan Pral Kreye 100 Nouvo Pòs Travay epi
Konsève 150 Pozisyon***

Pwojè a Krisyal pou Sekirize Finansman Federal Jiska an 2024

***Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global
rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a modènizasyon konsiderab ki pral fèt nan etablisman Cornell High Energy Synchrotron Source lan, oswa CHESS, ki se yon etablisman rechèch syantifik ki nan Ithaca, Konte Tompkins. Apati itilizasyon yon sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative, URI), Cornell University pral investi nan investisman kapital yo nan CHESS, ki enkli estasyon eksperimantal ak liy limyè reyon x li yo. Yon fwa li fin konplete, CHESS pral vin pami senk premye etablisman sous senkwotwon pou etid wo enèji, ak reyon x ki gen gwo fliktyasyon yo nan mond lan.

“Ak modènizasyon enpòtan sa yo pou CHESS, New York ap kontinye mennen nan investisman estratejik yo nan syans, teknoloji ak inovasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou investi nan etablisman rechèch sa ki repite nan mond lan, nou ap ede asire ke Southern Tier pral kontinye pran elan.”

Konstwi ant 1978 ak 1980, CHESS se yon sous reyon x ak gwo entansite ki ap bay etablisman radyofagri klas mondyal pou chèchè ki soti toupatou atravè nasyon an ak mond lan. Li itilize limyè senkwotwon yo ki soti nan patikil ki chaje yo - elektwon ak pozitwon - pandan ke y’ap sikile nan yon sèk prèske ak vitès limyè a. Liy reyon x ke yo jenere nan CHESS lan yo ede syantifik ak chèchè yo konprann materyèl soti nan zèl avyon yo pou rive nan manbràn selil yo, soti depi nan polyan nan plant yo pou rive nan matyè ki sou presyon nwayo tè a yo.

“Cornell University se yonn nan pi gwo enstitisyon akademik nan eta nou an, epi li se kle nan kwasans pèmanan ekonomi Southern Tier ki baze sou inovasyon an”, **te di Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi.** “Modènizasyon kapital yo ki te rive posib gras a Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta Gouvènè Cuomo a yo pral

favorize sipò finansye federal ki enpòtan anpil pou CHESS jiska an 2024, sa ki ap asire plas li pami operasyon devlopman ak rechèch ki dominan nan mond lan yo.”

Direktè CHESS Ian Joel Brock te deklare, “CHESS, ansanm ak pèsonèl ekspè li an, yo jenere anpil nouvel teknoloji epi yo bezwen konpozan ki sofistike anpil. Nan travay ansanm ak konpayi lokal yo, CHESS ap rete sou devan sèn syantifik lan sou plan entènasyonal epi li ap sèvi kòm yon katalizè pou manifakti avanse nan rejyon an”.

Empire State Development te ofri yon sibvansyon 15 milyon dola ki baze sou pèfòmans atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta Southern Tier Soaring lan pou kapab sipòte modènizasyon ak amelyorasyon yo nan etablisman CHESS lan. Fondasyon Syans Nasyonal la (National Science Foundation) pral bay sipò konsiderab sou plis pase 80 milyon dola nan modènizasyon etablisman an ki pral enkli modènizasyon nan Sèk Estokaj Elektwon Cornell lan (Cornell Electron Storage Ring), akseleratè ki ap alimante CHESS pou operasyon reyon x yo. Kòm yon rezilta pwojè sa, Cornell pral kreye omwen 100 nouvel pòs travay ki byen peye nan wo teknoloji yo pandan ke y’ap konsève 150 pòs travay nan etablisman an.

CHESS ap itilize finansman ki soti nan Fondasyon Syans Nasyonal la ak Enstiti Sante Nasyonal la (National Institutes of Health) pou operasyon yo. Nan ogmante kapasite etablisman an epi ak sibvansyon URI an, CHESS ap pozisyone li pou li kapab ranpòte finansman federal rive jiska an 2024 ap pi lwen ankò.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Lè nou invest nan CHESS, nou ap kontinye ranfòse ekonomi inovasyon an, ki se yon estrateji ki ap reyisi pou Southern Tier ak Eta New York. Pwojè sa aliye grandman ak transfòmasyon ki ap kontinye nan Southern Tier a pou li vin tounen yon sant global pou devlopman ak komèsyalizasyon teknoloji modèn yo, ak kreyasyon travay dirab ki byen peye yo”.

CHESS se yon lidè mondyal nan devlopman zouti ak teknik inovatif pou kapab eksplòre materyèl byolojik, elektwonik ak estriktirèl yo. Enjenyè ak syantifik CHESS yo ap devlope nouvo enstriman, teknoloji ak teknik pwosedi yo ke lòt laboratwa global, inivèsite ak òganizasyon rechèch yo ap chèche anpil. Pandan ke y’ap envante nouvel pwosesis ak teknoloji senkwotwon yo nan CHESS, yo pral transfere yo - ansanm ak sipò devlopman - nan konpayi New York yo ki ap van pwodwi ak sèvis yo bay kliyan global yo.

Senatè Thomas O’Mara te deklare, “Investisman Eta New York nan CHESS sa pral fè vanse epi ranfòse pozisyon Cornell University kòm yon lidè global nan rechèch, devlopman ak inovasyon nan ekonomi wo teknoloji a. Se yon investisman nan edikasyon klas mondyal, teknoloji ak manifakti avanse ki pral ede kreye travay lokal ak lòt opòtinite ekonomik enteresan alontèm yo”.

Manm Asanble Barbara Lifton te deklare, “Anons jodi a sou amelyorasyon kapital konsiderab nan CHESS yo se yon devlopman ki byenvini epi ki enteresan pou Distrik Asanble mwen an ak Southern Tier. Investisman sa yo pral ranfòse repitasyon CHESS kòm yon etablisman rechèch klas mondyal, bay teknoloji inovatif, epi kreye travay alontèm ki byen peye. Mwen te fyè pou mwen sipòte finansman URI an nan bidjè eta a

epi mwen kontan wè sa kòm yon pwojè ki finanse, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou atansyon pèmanan li sou devlopman ekonomik nan rejyon nou an”.

Svante Myrick, ki se Majistra Ithaca, te deklare, “Modènizasyon majè sa yo nan CHESS sa pral ogmante kwasans ekonomik ak teknolojik nan Ithaca ak atravè Southern Tier. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Empire State Development poutèt sipò inebranlab yo pou rejyon nou an epi mwen espere temwen avantaj amelyorasyon sa yo ak de zye mwen”.

Prezidan Kò Lejislatif Konte Tompkins lan Michael E. Lane te deklare, “Efò inovatif ki ap fèt nan etablisman CHESS lan nan Cornell University yo reyèlman transfòmatif pou tout rejyon sa okonplè ak mond lan an reyalite. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ansanm ak ekip li an poutèt yo kontinye sipòte inisyativ enpòtan enkwayab sa. Atravè investisman sa, yo pral kreye anpil bon jan kalite travay, ranfòse dekouvèt revolisyonè yo ki te fèt epi ki pral fèt nan CHESS”.

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418